



Pou Piblikasyon Imedya: 24/03/2022

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL LANSE SITWÈB KI GEN RESOUS POU PÈP IKRENYEN AN AK ALYE YO NAN NEW YORK

Resous yo genyen ladan yo sèvis sipò, asistans pou imigrasyon, sipò emosyonèl, èd imanité ak enfòmasyon sou fason pou montre sipò ou

Vizite sitwèb la [isit la](#)

Jodi a, Gouvènè Kathy Hochul te anonse lansman yon [nouvo sitwèb](#) ki genyen resous Eta New York ak patnè li yo ofri pou ede pèp Ikrenyen an ak zanmi li yo ak alye yo isit la nan New York. Sa vini apre [anons](#) Gouvènè a pou avèti itilizatè yo konsènan eskwòk ak menas sibèsekirite nan mitan envazyon Lawisi nan peyi Ikrèn. Aplis li montre sipò, Gouvènè a te anonse tou [drapo Ikrainian an ap flote](#) sou batiman Capitol la, Palè Egzekitif la (Executive Mansion), ak katye jeneral Divizyon Sekirite Enteryè ak Sèvis Ijans (Division of Homeland Security and Emergency Services).

"Rezistans Ikrèn kont tirani Vladimir Putin se yon enspirasyon pou rès mond lan, epi anpil Nouyòkè deja ap fè pati pa yo pou sipòte efò imanité yo," **Gouvènè Hochul te deklare**. "Nan moman tankou sa yo, Nouyòkè yo rete ansanm pou sipòte sila yo ki nan bezwen. Nou fyè bay pou bay resous ki fyab pou sila yo ki vle lonje lamèn pou frè ak sè Ikrenyen yo isit la nan New York."

Direktiv sa a vini nan mitan efò kontinyèl Gouvènè Hochul ap fè pou sipòte Ikrèn. Semèn pase a, Gouvènè a te anonse yon [Dekrè Egzekitif](#) pou entèdi ajans eta yo ak otorite yo fè kontra ak antite ki kontinye fè biznis nan Larisi. Nan debi mwa mas la, Gouvènè Hochul [te anonse mezi](#) pou ranfòse Aplikasyon sankson Depatman Sèvis Finansye a (Department of Financial Services, DFS) kont Larisi, ki enkli acha akselere teknoloji analitik blockchain siplemantè. An fevriye, Gouvènè Hochul [te bay lòd](#) pou tout ajans eta yo ak otorite yo retire fon piblik nan men Larisi epi sispann fè biznis ak konpayi Ris yo.

Reous ki disponib sou sitwèb la enkli:

Sèvis Sipò yo

Biwo pou Nouvo Ameriken an (Office for New Americans, ONA) bay yon seri sèvis sipò pou imigran ak refijye Eta New York yo, kèlkeswa estati yo, tankou:

- Aksè nan sipò legal gratis ki enkli aplikasyon pou azil politik ak defans kont depòtasyon atravè rezo founisè sèvis legal li a
- Gen kou lang anglè nan rezo Sant Opòtinite li yo
- Aksè nan gwoup sipò sante mantal atravè Pwogram Golden Door (Pòt an lò) li a
- Zouti preparasyon mendèv ki enkli ekri cv, konpetans alfabetizasyon dijital, ak evalyasyon diplòm
- Sipò pou gen aksè nan sèvis pou twoub devlopmantral atravè Inisyativ Ramirez June ONA a

Vizite sitwèb Biwo pou Nouvo Ameriken an [isit la](#) oswa kontakte liy asistans yo a nan 1-800-566-7636. Liy Asistans Biwo pou Nouvo Ameriken an konekte imigran ak refijye yo ak sèvis gratis atravè eta a. Liy Asistans lan fonksyone de 9:00 a.m. jiska 8:00 p.m., lendi rive vandredi, sof jou fèt yo. Tout apèl yo konfidansyèl. Asistans lan disponib nan plis pase 200 lang ki enkli Ikrenyen ak Rus.

Si ou se yon sitwayen Ameriken nan Ikrèn, Depatman Deta Ameriken an gen resous pou sila yo ki swete kite. Yo ofri kondisyon vwayaj tou ak oryantasyon sou fwontyè tèrès vè peyi ki antoure yo tankou Polòy, Woumani, Ongri, Slovaki, ak Mòldav.

Sitwayen Ameriken yo nan Ikrèn ta dwe konplete fòm sa anliy pou Depatman Deta a ka kominike avèk ou. Sitwayen Ameriken k ap chèche soti Ikrèn yo ka rele tou nan 1-833-741-2777 (nan Etazini) oswa 1-606-260-4379 (depi letranje) pou asistans touswit. Ou ka vizite paj Kriz Ikrèn nan tou sou sitwèb Depatman Deta a [isit la](#).

Konsila Jeneral Ikrèn lan nan New York ap bay sèvis konsilè aktyèlman. Men, yo te sispann tout sèvis konsilè ki egzije pou resevwa dokiman ki soti Ikrèn yo, ki enkli livrezon nouvo paspò ak sèvis viza yo jiska nouvel òd.

Si ou gen kesyon sou viza oswa paspò, ou ka kontakte Konsila Jeneral la pa imel gc_usn@mfa.gov.ua oswa rele swa 212-371-6965 oswa 212-371-5690.

Ikrenyen nan New York yo ki gen yon sitiwayon ijans (tankou detansyon), ka rele nimewo liy asistans Konsila a nan 917-325-1444 pou asistans.

Asistans pou Imigrasyon

Gen pwoteksyon ki ka disponib pou Ikrenyen ki kalifye ki deja prezan nan Etazini yo nan kad envazyon militè Lawisi a, [Depatman Sekirite Enteryè a te anonse deziyasyon Estati Pwoteksyon Tanporè \(Temporary Protected Status, TPS\)](#) pou Ikrenyen yo pou 18 mwa. Moun ki kalifye yo pou TPS dapre deziyasyon sa dwe te rezide nan fason kontini nan

peyi Etazini depi 1ye mas 2022. Ikrenyen ki kalifye pou TPS yo ka kontakte Liy Asistans pou Nouvo Ameriken an pou asistans legal gratis nan 1-800-566-7636.

Si yo te ba ou asil politik resaman, Biwo Asitans Tanporè ak pou Andikap la (Office of Temporary and Disability Assistance), ofri sèvis gratis pou moun ki gen azil yo atravè Eta New York.

Vizite yon founisè nan zòn ou an ki ka ede ou:

- Jwenn travay
- Depistaj sante ak vaksinasyon gratis
- Gen aksè nan lòt sèvis sipò

Jwenn yon founisè nan zòn ou [isit la](#) epi aprann plis sou sèvis ak asistans refijye pou imigran yo [isit la](#).

Sipò Emosyonèl

Si ou bezwen asistans pa telefòn 24 sou 24: Ou ka kontakte Liy Asistans pou Detrès nan Ka Katastwòf (Disaster Distress Helpline, DDH), Administrasyon Sèvis Toksikomani ak Sante Mantal la (Substance Abuse and Mental Health Services Administration, SAMHSA) lè ou rele 1-800-985-5990. Moun k ap rele yo ka konekte ak konseye pou sipò nan 100 lang e plis atravè sèvis entèpretasyon lòt pati, ki enkli Ikrenyen ak Rus.

Si ou bezwen yon [Liy Asistans pa Mesaj Tèks nan Ka Kriz](#) 24 sou 24: Voye mesaj tèks GOT5 bay 741741 pou konekte ak yon konseye kriz.

Pou sipò 24 sou 24 pou moun ki itilize Langaj Siy Ameriken (American Sign Language, ASL) ki soud yo oswa ki pa tande byen yo: Liy Asistans pou Detrès nan Ka Katastwòf (DDH) ap ofri konsèy ak sipò dirèk nan ka kriz kounye a pou moun ki itilize Langaj Siy Ameriken ki soud yo oswa ki pa tande byen yo atravè yon opsyon apèl videyo ki disponib. Sivivan katastwòf ak sekouris yo ka konekte ak travayè nan ka kriz DDH yo nan ASL lè yo rele 1-800-985-5990 nan yon aparèy ki pèmèt apèl videyo oswa atravè yon lyen "ASL Now" ke ou ka gen aksè nan li nan DisasterDistress.samhsa.gov.

Èd Imanitè

Evite raketè pou don yo. Nenpòt lè gen katastwòf ki rive, raketè yo atake kè moun k ap chèche bay èd yo. Envazyon Ikrèn nan bay yon opòtinite pou raketè yo monte òganizasyon byenfezans ki fo oswa pou fè yo pase pou viktim gè toutbon. Gen lòt ki konsevwa sitwèb pou imite sit ofisyèl yon òganizasyon byenfezans lejitim pou vòlè lajan donatè ki pa sispèk yo ak/oswa vòlè enfòmasyon pèsonèl yo.

Pou evite lajan don yo tonbe nan move men, Divizyon Pwoteksyon Konsomatè Eta New York la rekòmande pran prekosyon sa yo:

- **Verifye demann lan.** Raketè yo souvan fè pase tèt yo kòm zanmi, fanmi oswa enterè womantik sou rezo sosyal ak mande don; Si ou resevwa yon demann ou pa te solisite pou don sekou sou entènèt, menm si li parèt se yon moun ou konnen, konekte avèk moun lan dirèkteman atravè yon lyen kominikasyon diferan pou verifye demann lan. Pa klike sou okenn lyen oswa ranpli okenn fòmilè anvan ou verifye sous la. Si demann lan soti kote yon moun ou te resamman rankontre sou entènèt, gen chans pou se yon fwòd epi ou dwe pridan sitou.
- **Fè rechèch sou òganizasyon byenfezans lan.** Pa konte sou yon sitwèb òganizasyon byenfezans sèlman. Fè rechèch sou entènèt anvan ou fè don bay nenpòt òganizasyon byenfezans nan itilize non gwoup la plis tèm rechèch tankou "kòmantè" ak "fwòd". Komisyon Komès Federal la rekòmande verifye give.org, charitynavigator.org, charitywatch.org, oswa candid.org pou wè rapò ak evalyasyon pou òganizasyon byenfezans yo. Ou kapab verifye tou Sèvis Revni Entèn (Internal Revenue Service, IRS) pou verifye ke yon òganizasyon byenfezans anrejistre. Biwo Pwokirè Jeneral la rekòmande tou pou revize [rejis òganizasyon byenfezans yo](#) pou jwenn rapò finansye yo anvan ou fè don pou asire òganizasyon byenfezans lan kòrèk fiskalman.
- **Reziste ak taktik gwo presyon yo.** Pandan sityasyon an ijan, konsomatè yo dwe reziste ak presyon pou fè don touswit. Raketè yo souvan fè presyon sou ou pou fè don touswit, sa ki lakòz ou neglije siyal wouj yo nan istwa yo a. Mefye w de imèl dirèk "viktim" ak demandè ki itilize istwa ki touche kè, k ap ensiste pou ou fè don touswit. Pa bay lajan nan telefòn bay vandè ou pa te solisite; olye de sa, mande moun ki rele a pou li voye dokiman alekri sou òganizasyon byenfezans lan epi kote pou w fè don an, si ou vle.
- **Kenbe enfòmasyon pèsònèl yo konfidansyèl.** Pa janm bay nimewo Sekirite Sosyal ou, nimewo kat kredi oswa kat debi ou oswa lòt enfòmasyon pèsònèl ki ka idantifye yo kòm repons ak yon demann òganizasyon byenfezans ou pa te solisite. Si w ap fè don sou entènèt, asire koneksyon entènèt ou sekirize anvan ou kontinye ak demann don yo.
- **Mande kijan lajan ou an pral depanse.** Konsomatè yo vle konnen lajan yo prale dirèkteman bay viktim yo. Yon òganizasyon byenfezans ki vrè dwe kapab fè ou konnen konbyen nan don ou an ki prale dirèkteman bay pwogram lan pa rapò ak frè administratif yo.
- **Fè don atravè chèk oswa kat kredi.** Pa janm bay lajan apati lajan kach, kat kado, lajan kripto oswa nenpòt mwayen peman k ap difisil pou retrase. Bay kontribisyon ou atravè chèk oswa kat kredi ke ou gen rejis don an. Fè chèk bay òganizasyon byenfezans lan, se pa bay yon moun endividyèl. Si

ou chwazi fè don sou sitwèb yon òganizasyon byenfezans, verifye ke sitwèb la sekirize epi òdinatè ou ekipe avèk dènnye pwoteksyon kont viris.

Si ou sispèk ou te tonbe sou yon tantativ pou resewa don ki se fwòd, ou kapab depoze yon plent nan Divizyon Pwoteksyon Konsomatè Eta New York la [isit la](#).

Liy Asistans pou Konsomatè Divizyon an ouvri lendi rive vandredi, sof jou ferye nan Eta a, depi 08:30 a.m. jiska 04:30 p.m nan 1-800-697-1220. Ou kapab jwenn plis enfòmasyon ak konsèy lè w swiv Divizyon Pwoteksyon Konsomatè (Division of Consumer Protection) a sou rezo sosyal sou Twitter ([@NYSConsumer](#)) ak Facebook (<http://www.facebook.com/nysconsumer>).

Montre sipò ou

Montre sipò ou lè ou itilize imaj rezo sosyo ki gen mak New York pou [Facebook](#), [Twitter](#), [Instagram](#), ak [Instagram Story](#). Ou kapab pwopaje pawòl la tou pou montre sipò ou pou repons imanità atravè zouti rezo sosyo a [isit la](#).

###

Lèt nou vèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)